


Bill de Blasio
Majistra
Mary T. Bassett, MD, MPH
Manm Komisyon
nan tèt ansanm avèk Kabinè Timoun NYC (NYC Children's Cabinet)

# Pale, Li ak Chante Ap Devlope Sèvo Tibebe Ou

Pale, Li ak Chante Ap Devlope Sèvo Tibebe Ou. Menmsi sanble tibebe ou pa konprann, l ap koute ak aprann. Pale nan kèlkeswa lang ou santi ou alèz la.

## Pale

- Gade tibebe ou nan zye-nan-zye lè w ap pale. Mo ak ekspresyon ou yo ap atire atansyon li.
- Repete son tibebe ou ap fè, epi reponn avèk mo pa ou.
- Pale sou sa ou wè ak sou sa w ap fè: "Gade pòm wouj la" oswa "An nou al mache."

## Li

- Kòmanse avèk liv senp ki gen gwo imaj ak koulè fonse.
- Pale sou imaj yo. Lonje dwèt ou sou objè epi di non yo.
- Nenpòt moman kapab yon bon moman pou rakonte istwa: nan lè pou al kouche, nan tren oswa nan otobis.

## Chante

- Chante pou tibebe ou - swa chante ou konnen oswa sa ou kreye!
- Tibebe ou ap renmen tande vwa ou kèlkeswa jan w ap chante a.
- W ap eseye mete tibebe ou dòmi? Chante dousman pandan ou kenbe li sou ou.

An nou konte 1 2 3...

Syèl la ble

Oto a fè bwi Bip Bip

## POU JWENN PLIS KONSÈY

Fè rechèch sou sitwèb nyc.gov/talktoyourbaby

Bill de Blasio
Majistra
Mary T. Bassett, MD, MPH
Manm Komisyon
nan tèt ansanm avèk Kabinè Timoun NYC (NYC Children's Cabinet)